



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU AKÒ POU AVANSE PLAN
LOJMAN "VIL WI" VIL NOUYÒK LA**

"Nouyòk gen yon kriz abòdabilite lojman epi gen yon sèl fason pou sòti: konstwi plis lojman. Se poutèt sa byen bonè ane sa a, mwen te goumen ak tout zam mwen pou yon gwo pake refòm ak investisman ki pral bati plizyè milye nouvo kay pou Nouyòkè chak jou yo. Nou te fè li an pati akòz patenarya solid ak kòlèg nou yo nan Vil Nouyòk, epi mwen fyè pou m kanpe avèk yo pandan y ap avanse ak plan yo pou konstwi yon ti kras lojman anplis nan chak katye. Kounye a n ap ajoute yon angajman eta 1 milya dola pou sipòte lojman abòdab nan Vil Nouyòk. Nou bezwen tout moun mete men nan pat la pou konstwi plis lojman epi fè Nouyòk vin pi abòdab pou nou tout."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)